



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2023 A**

***Plan 10 milya dola pral rekonstwi mendèv swen sante ak konstwi sistèm swen Sante alavi an***

***Plan 31 milya dola pral ranfòse mendèv pwofesè yo epi investì nan lekòl yo***

***Bay soulajman fiskal pou ti biznis yo ak klas mwayèn lan***

***Plan Kapital DOT 32.8 milya dola pou senk ane ki se yon rekò a pral pwofite finansman federal pou sipòte gwo pwojè enfracstrikti yo atravè eta a***

***900 milyon dola nan sibvansyon pou estabilizasyon gadri yo pral kouvri depans pou fonksyonman pou 15,000 founisè gadri nan tout eta a***

***1 milya pou finanse ti biznis inovan yo ak kredi fiskal pou depans ki gen rapò ak COVID yo***

***Investi 1.5 milya dola nan SUNY ak CUNY pandan senk ane k ap vini yo epi elaji elijibilite TAP la***

***Gen 4 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt ak 500 milyon dola pou enèji ewolyèn olaj zòn kot***

***Lanse yon nouvo Plan Lojman konplè sou senk ane ki koute 25 milya dola***

***224 milyon dola pou finanse fòs lòd yo ak inisyativ vyolans ak zam ki baze nan kominote a***

***Kaye enfòmasyon Bidjè Ane Fiskal 2023 a disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, ak Direktè Divizyon Bidjè a Robert F. Mujica Jr., te dekri Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2023 li a. Bidjè Egzekitif pou ane fiskal 2023 a kenbe angajman Gouvènè a pou l adopte yon ajanda odasye k ap rebati mendèv swen sante ak mendèv pwofesè yo: bay soulajman fiskal pou moun ki plis bezwen li, akselere kwasans ekonomik ak kreye djòb klas mwayèn ki byen peye; ranfòse enfracstrikti eta a ak konfwonte chanjman klimatik la; garanti sekirite piblik ak pwoteje kominote yo; rann

lojman pi abòdab pou asire chak Nouyòkè yo gen yon twati kay sou tè yo; epi adopte refòm solid pou restore konfyans nan gouvènman Eta a.

"Nou gen mwayen pou nou reponn imedyatman ak pandemi COVID-19 la ansanm anbrase opòtinite inik sa a pou lavni ak yon nivo finansman istorik ki alafwa responsab sosyalman ak pridant fiskalman", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kòm mwen te di nan diskou sou Sitiyasyon Eta a mwen an: Li lè pou yon vèsyon ki pi bon, pi jis, ki pi enklizif nan rèv Ameriken an. M ap rele li rèv New York la Nou pral fè rèv New York sa a reyèl - epi asire ke chak Nouyòkè ka reyalize li."

"Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la fè envestisman istorik nan zòn enpòtan yo pandan y ap asire ke nou ekipe pou chòk alavni yo", **Direktè Bidjè a Robert F. Mujica, Jr. te deklare**, "Eta a p ap janm rive nan pozisyon pou li pa pare ankò pou opòtinite - oswa defi - k ap vini yo. Apre plizyè ane difikilte san parèy, Bidjè sa a fè Eta a rezistan, soti nan yon pèspektiv finansye, menm jan ak lespri li. Se Bidjè sa Nouyòkè yo merite epi se li yo prevwa."

### **Yon Bidjè ki Balanse**

Pwopozisyon bidjè Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2023 a reflekte baz finansye solid New York. Kòm resèt fiskal yo rebondi bidjè a balanse pou tout plan finansye ki mennen jiska Ane Fiskal 2027 la, pa gen okenn eka bidjetè, epi li kenbe kwasans depans nan ane fiskal 2023 a anba enflasyon an.

### **Rebati Mendèv Swen Sante a**

Pou retabli mendèv swen sante nou yo ki epuize epi konstwi sistèm swen sante demen an, Gouvènè Hochul pral fè yon investisman 10 milya dola, sou plizyè ane nan sistèm swen sante a, sa gen ladan plis pase 4 milya dola pou sipòte salè ak bonis pou pwofesyonèl swen sante yo. Eleman kle yo nan investisman sou plizyè ane sa a gen ladan:

- 1.2 milya dola sipò eta pou bonis retansyon pwofesyonèl swen sante ak ijyèn mantal yo, avèk jiska 3,000 dola bonis ki prale jwenn pwofesyonèl a tan plen yo ki rete nan pòs yo pandan yon ane epi bonis pwopòsyonèl pou sila yo ki travay mwens lè
- 500 milyon dola pou Ajisteman pou Kou Lavi (Cost-of-Living Adjustments, COLAs) pou ede ogmante salè pou pwofesyonèl sèvis sosyal yo;
- 2.4 milya dola pou enfrastruktir kapital nan swen sante ak kapasite laboratwa amelyore; and
- Lòt investisman nan mendèv ak aksè nan swen sante ak livrezon.

Avèk envestisman sa yo, Gouvènè Hochul pwopoze pou rekonstwi ak ogmante mendèv swen sante a 20 pousan pandan senk ane k ap vini yo ak yon pwogram ki fèt

pou ranfòse swen adomisil, amelyore pakou karyè, elaji aksè ak fòmasyon ak edikasyon swen sante, epi rekrute swen sante ak pwofesyonèl pou sipò dirèk yo pou pran swen moun ki nan zòn ki defavorize yo.

### **Ranfòse Mendèv Pwofesè a**

**Èd pou Lekòl:** Bidjè Ane Fiskal 2023 a founi 31.3 milya dola nan Èd pou lekòl total yo pou Ane Lekòl 2023 a, pi wo nivo èd Eta a ke sa te janm ye. Investisman sa a reprezante yon ogmantasyon 2.1 milya dola (7.1 pousan) chak ane konpare ak Ane Lekòl 2022 a, sa gen ladan 1.6 milya dola ogmantasyon nan Èd pou Fondasyon (Foundation Aid) ak yon ogmantasyon 466 milyon dola nan tout lòt pwogram Èd Lekòl yo.

**Èd pou Fondasyon:** Èd pou Fondasyon se prensipal fòmil èd pou fonksyonman edikasyon Eta a. Li konsantre sou alokasyon fon Eta a yon faosn ekita nan tout distri lekòl yo, espesyalman distri ki gen gwo bezwen yo, dapre bezwen etidyan yo, richès kominote a, ak eka pri rejyonal yo. Bidjè Egzekitif la bay yon ogmantasyon 1.6 milya dola (8.1 pousan) nan Èd pou Fondasyon an, pou sipòte dezyèm ane a nan miz an faz nan finansman konplè fòmil Èd pou Fondasyon aktyèl la pou twazan epi asire chak distri lekòl resevwa yon minimòm ogmantasyon 3 pousan chak ane.

Bidjè Egzekitif la bay SUNY ak CUNY 106 milyon dola - 53 milyon dola yo chak - pou anboche lòt pwofesè aplentan nan alafwa kolèj katran ak nan kolèj kominotè yo. Investisman sa a pral finanse anviwon 880 lòt pwofesè aplentan - 340 nan SUNY ak 540 nan CUNY, ki gen ladan sipò pou plan CUNY pou konvèti adjwen yo an pwofesè aplentan.

### **Ofri soulajman fiskal pou sila yo ki bezwen li**

**Akselere aplikasyon rediksyon taks klas mwayèn lan:** Entwodiksyon rediksyon taks sou revni pèsonèl yo pou uit ane pou kontribyab klas mwayèn yo te kòmanse premyeman nan Ane Fiskal 2018 la epi kounye a li pwograme pou l fini nan kòmansman Ane Fiskal 2025 lan. Bidjè Egzekitif la:

- Akselere soulajman fiskal pou Nouyòkè klas mwayèn yo lè li bay to fiskal redui ki konplètman aplike yo kòmmanse nan Ane Fiskal 2023 a.
- Bay soulajman pou plis Pase 6.1 milyon Nouyòkè

**Kreye yon kredi fiskal pou Depans Ti Biznis ki gen Rapò ak COVID-19 yo:** Pou kontinye sipò Eta a pou ti biznis nou yo, Bidjè Egzekitif la gen ladan yon nouvo pwogram soulajman fiskal ranbousab limite ki vize depans ki gen rapò ak COVID-19 pou ti biznis yo. Pwogram nan bay:

- Jiska 250 milyon dola an plis nan soulajman pou ti biznis yo.
- Envestisman kapital ki elijib ki gen rapò ak COVID-19 yo enkli, men se pa sa sèlman, depans ki asosye ak elaji espas pou akomode distans sosyal, ekipman HVAC, depans ki gen rapò ak ekspansyon espas deyò, ansanm ak machinri ak ekipman pou fasilite lavant san kontak.

**Bay Soulajman Fiskal pou Ti Biznis:** Ti biznis yo te frape di espesyalman pa ralantisman andemi an lakoz. Bidjè Egzekitif la bay biznis sa yo soulajman fiskal ki nesèsè anpil lè yo:

- Ogmante modifikasyon soustraksyon ti biznis la soti 5 pousan a 15 pousan revni biznis nèt oswa revni fèm, epi
- Elaji benefis la pou enkli antite entèmedyè ki gen mwens pase 1.5 milyon dola revni brit sous New York.
- Pwopozisyon sa a pral ede 195,000 ti biznis atravè youn nan klima biznis ki pi difisil nan istwa modèn lan.

**Bay yon Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyetè Kay:** Bidjè Egzekitif la kreye yon nouvo kredi soulajman fiskal sou pwopriyete, ki se Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyetè Kay (Homeowner Tax Rebate Credit), pou kay ki gen revni ki fèb ak mwayen ki elijib yo, ansanm ak kay granmoun aje ki kalifye yo:

- Benefisyè egzanpsyon Basic STAR ak kredi ki gen revni ki pi ba pase 250,000 dola ak benefisyè Enhanced STAR ki elijib pou rabè fiskal sou pwopriyete a kote benefis la se yon pousantaj nan benefis STAR pwopriyetè kay yo ki egziste deja.
- Pwogram yon ane sa a se, an jeneral, yon ekstansyon reyèl Pwogram Kredi Soulajman pou Enpo Lokatif (Property Tax Relief Credit) ki te ekspire apre 2019, ak benefis yo kalkile kòm yon pousantaj benefis STAR yon pwopriyetè kay. Anplis de sa, pwopriyetè kay ki nan Vil New York pal elijib pou kredi sa a tou.
- Andeyò Vil Nouyòk, benefis an mwayèn lan pral prèske 970 dola, sa k ap bay soulajman pou plis pase 2 milyon kay ki peye enpo lokatif. Benefis mwayèn Vil Nouyòk la pral apeprè 425 dola, ak benefis ki rive jwenn yon lòt 479,000 kay ki peye enpo lokatif.
- Pou pwopriyetè kay ki gen revni ki pi fèb pase 75,000, dola kredi mwayèn nan tout eta a estime a prèske 1,050, dola sa ki benefisyè apeprè 837,800 benefisyè.
- Benefis la pral nan fòm yon kredi avanse, olye pou yo reklame yo lè yo ranpli deklarasyon enpo yo, kidonk sa ap mete benefis nan men pwopriyetè kay New York yo pi vit. Kredi yo pral yon avans sou deklarasyon enpo sou revni Ane

Fiskal 2022 a, ke yo pral voye dirèkteman bay pwopriyete kay ki elijib yo apati otòn 2022.

### **Plan Kapital ak Enfrastrikti**

Nouvo plan kapital DOT pou senk ane, ki koute 32.8 milya dola pral pwofite angajman finansman Federal yo te pran nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) pou sipòte faz final gwo pwojè enfrastrikti yo, ki gen ladann Amelyorasyon Aksè Hunts Point (Hunts Point Access Improvement) ak ranplasman I-81 nan Syracuse.

Nouvo plan an sipòte tou nouvo pwojè a gwo echèl yo, tankou: modènize Pon Livingston Avenue nan Albany; rekonekte katye yo atravè Kensington Expressway nan Buffalo; konvèti Route 17 an I-86 nan Konte Orange ak Konte Sullivan; epi evalye mwayen pou amelyore kapasite wout nan Oakdale Merge nan Konte Suffolk.

Plan Kapital DOT pou senk ane a ogmante tou pwogram BRIDGE-NY ki egziste deja a 1 milya dola, ajoute yon nouvo 1 milya dola nan pwogram Operasyon Pave Twou Nou yo (Operation Pave Our Potholes), epi kontinye angajman rekò pou finanse pwogram otowout lokal yo ak pwogram pon yo atravè Pwogram Amelyorasyon Otowout ki Konsolide (Consolidated Highway Improvement Program, CHIPS)

### **Gadri pou Timoun**

Bati sou 832 milyon dola nan sibvansyon ki egziste deja ak 2.3 milya dola nan resous Federal pou gadri pou timoun, Bidjè a gen ladan l nouvo investisman pou sipòte timoun yo, paran yo, ak endistri gadri timoun yo.

- Ogmante Elijibilite pou Sibvansyon— yo pral ogmante elijibilite pou sibvansyon pou gadri pou timoun soti jiska 200 pousan nivo povrete Federal la rive jiska 300 pousan nivo povrete Federal la pandan twazan. Totalman miz an plas, plis pase 535 milyon dola chak ane pral pèmèt yon lòt 400,000 timoun vin fèk elijib.
- Kenbe Aksè ak Founisè Gadri yo— 125 milyon dola nan finansman chak ane enkli pou kenbe sibvansyon gadri lè pousantaj yo ogmante an 2022.
- Sipòte Travayè Gadri yo— 75 milyon dola yo investi nan salè travayè gadri yo, yon andòsman enpòtans travay yo.

### **Ti Biznis yo**

Gouvènè Hochul ap pwopoze yon plan ki evalye a prèske milya dola ki konsantre sou ti biznis Eta a yo, ki gen ladan pwogram sible pou adrese bezwen ti biznis yo epi asire tout kalite ti biznis pwospere nan tout Eta a. Eleman kle yo nan plan sa genyen ladan l:

- Finansman pou Ti Biznis Alavni yo - prim kapital ak dèt risk pou ti biznis ki ap emèje yo nan sektè inovasyon an, tankou konpayi ki posede pa minorite ak fanm yo ki souvan neglije pa investisman risk kapital.

- Finansman Demaraj pou Ti Biznis - Yon pwogram sibvansyon fleksib 200 milyon dola pou biznis ki nan etap demaraj yo ki te ouvè malgre pandemi COVID-19 la.
- Inisyativ Prè pou Ti Biznis - bay prè ak enterè ki redui epi ki aksesib pou devlope ti biznis yo.

## **SUNY ak CUNY**

**1.5 milya dola pou SUNY ak CUNY:** Bidjè Egzekitif la pral investi plis pase 300 milyon dola nan operasyon SUNY ak CUNY chak ane pandan senk ane k ap vini yo. Gouvènè Hochul pral fè patenarya tou pandan ane k ap vini an ak SUNY, enstitisyon endividyèl li yo, ak pati konsène kle yo pou devlope yon plan pou aplike vizyon li pou transfòme SUNY an pi gwo sistèm edikasyon siperyè piblik nan peyi a. Bidjè Egzekitif la pral ede kòmanse transfòmasyon sa a ak finansman pou nouvo batiman enjenyeri pou ede University at Buffalo ak Stony Brook University vin enstitisyon prensipal SUNY yo.

Bidjè Egzekitif la pral ogmante sipò fonksyònman pou kanpis SUNY ke Eta a jere ak kolèj siperyè City University of New York (CUNY) lè li ranbouse kolèj yo totalman pou depans 108.4 milyon dola kredi ekolaj nan "Eka Pwogram Asistans pou Frè Eskolè" (Tuition Assistance Program, TAP), ki bay sipò Eta adisyonèl a 59.6 milyon dola pou CUNY ak 48.8 milyon dola pou SUNY. Sistèm inivèsite yo pral resevwa tou yon revni fonksyònman adisyonèl 18.6 milyon dola nan lejislasyon Bidjè Egzekitif la pou ogmante kantite sipò Eta ke kanpis yo resevwa pou moun ki resevwa Bousdetid Excelsior yo, ogmante sipò fonksyònman a 13.7 milyon dola pou kanpis SUNY ke Eta opere yo, 2.8 milyon dola pou kolèj siperyè CUNY ak 2.1 milyon dola pou kolèj kominotè yo.

**Elaji Aksè Etidyan a tan pasyèl yo ak TAP:** Bidjè Egzekitif la gen ladan 150 milyon dola pou elaji TAP, ki kounye a pa disponib pou etidyan k ap etidye a tan pasyèl yo, pou kouvri etidyan ki enskri nan sis kredi etid oswa plis nan yon kolèj SUNY, CUNY, oswa yon kolèj endepandan san bi likratif - yon investisman estime pou bay sipò pou 75,000 lòt etidyan New York chak ane.

## **Enèji ak Anviwònman an**

**Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la:** Bidjè Egzekitif la gen ladan 4 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la. Inisyativ istorik sa a pral bay sipò New York bezwen pou retabli abita anviwònman ki enpòtan yo; diminye risk inondasyon; konsève lòt tè ak espas ouvè; pwoteje ak amelyore resous dlo nou yo; epi investi nan pwòje diminisyon chanjman klimatik ki pral redui polisyon ak diminye emisyon kabòn yo. Lwa sou Obligasyon an pral sipòte tou yon investisman sibstansyèl nan inisyativ Ekolojik ak Netwayaj Lekòl (Clean Green Schools) la ki pral atenn chak lekòl piblik ki nan yon kominote ki defavorize.

**Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind):** Bidjè Egzekitif la gen ladan investisman 500 milyon dola pou devlope chèn apwovizyonman enèji ewolyèn olaj zòn kot Eta a ak enfrastrikti pòtyè. Inisyativ sa k ap mennen nan peyi a pral kreye 2,000 djòb nan yon endistri k ap grandi, pandan y ap ede fè New York vin kapital enèji ewolyèn olaj zòn kot nan peyi a pou ane k ap vini yo.

## Lojman

**Lanse yon Nouvo Plan Lojman Konplè sou senk ane, ki koute 25 milya dola.** Bidjè Egzekitif la avanse yon nouvo Plan Lojman pou senk ane ki koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, epi elektrifye 50,000 kay anplis kòm yon pati nan plan Eta a pou elektrifye yon milyon kay ak fè yon lòt milyon kay pare pou elektrifikasyon. Finansman gen ladan 5.7 milya dola nan resous kapital, 8.8 milya dola nan kredi fiskal Eta ak Federal ak lòt alokasyon federal, 11 milya dola pou sipòte operasyonabri ak inite lojman sipò yo ak bay sibvansyon pou lokasyon.

## Konbat Vyolans ak Zam

Bidjè Egzekitif la gen ladan 224 milyon dola pou finanse inisyativ ki pral ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo. Atravè aksyon sa yo, nou pral travay pou retabli sans sekirite ak kominote Nouyòkè yo. Kèk nan aksyon sa yo gen ladan yo:

- **Triple Resous pou Efò Trasaj Zamafe** - Bidjè Egzekitif la bay 350,000 dola nan finansman pou triple resous entèlijans sou vyolans ak zam eta a lè li bay Sant Entèlijans Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) yon ekip analis ki nesèsè pou trete ak mennen ankèt sou zamafe atravè eta a.
- **Ranfòse Patenarya Fòs Lòd yo** - Bidjè Egzekitif la bay 13.1 milyon dola pou elaji itilizasyon Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units) yo ki fè patenarya ak Twoup Eta ki gen plis eksperyans ak ajans fòs lòd lokal yo pou konbat pwoblèm krim espesifik nan kominote a.
- **Elaji Sipò Dirèk Eta a pou Fòs Lòd Lokal (GIVE)** - Bidjè Egzekitif la ogmante finansman a 18.2 milyon dola pou inisyativ New York ki rekonèt nasyonalman pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) ki sipòte efò fòs lòd lokal yo pou sispann vyolans ak zam nan New York. Investisman sa a pral pèmèt lansman plizyè nouvo inisyativ ki pral sipòte kapasite fòs lòd yo pou elimine ka fiziyad ki pa fatal yo, angaje yo nan pwogram kominotè ki santre sou jèn yo, epi redwi residivis pou moun ki anba sipèvizyon kominotè yo.
- **Triple Investisman nan Repons kont Vyolans ak Zam ki Baze nan Kominote a (SNUG)** - Bidjè Egzekitif la soutni ogmantasyon ijans ane pase a nan finansman pou pwogram Sansibilizasyon SNUG New York la ak plis elaji sipò pou konbat ogmantasyon krim ki fèt ak zam yo. Investisman 24.9 milyon

dola sa a pral elaji pwogram sansibilizasyon ki baze nan lopital ak nan lari pou touche tout kwen eta a. Li pral fasilite pwogram pilòt plizyè nouvo inisyativ ki bay sèvis konplè pou jèn yo, preparasyon pou travay ak fòmasyon nan espas travay.

- **Reponn ak Bezwen Rejyonal yo apre Vyolans ak Zam yo** - Bidjè Egzekitif la gen ladan 20 milyon dola nan nouvo finansman pou sipòte moun ak lye ki te plis afekte pa ogmantasyon vyolans ak zam yo. Sa a pral pèmèt deplwaman pwogram inovan otonomizasyon kominotè ak rediksyon krim nan zòn ki gen gwo bezwen yo ki pral fasilite repare ak rekonstwi rejyon yo ki viktim krim ki enplike zam yo.

### **Adrese Adiksyon ak Kriz Opyoyid la**

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) an pral franchi etap enpòtan pou adrese kriz opyoyid la nan amelyore aksè ak sèvis tretman adiksyon, retire baryè ak tretman, devlope nouvo modèl tretman inovan, epi elaji kantite enstalasyon tretman nan kominote yo ozalantou Eta New York.

Bidjè Egzekitif la bay yon ogmantasyon 402 milyon dola (56 pousan) nan sipò fonksyonman ak kapital pou OASAS pou amelyore pwogram prevansyon, tretman ak rekipasyon ki vize nan direksyon sèvis adiksyon, opòtinite sèvis rezidansyèl yo, ak aktivite prevansyon prensipal ki koyeran avèk akò règleman sou opyoyid eta a; epi investi plis pase 100 milyon dola nan nouvo resous ki soti nan Taks Jesyon Opyoyid ak règleman litij ak fabrikasyon ak distribitè famasetik yo. Nan fon sa yo, 113 milyon dola pral pase atravè Eta a rive nan minisipalite lokal yo, ki koyeran avèk akò règleman yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)